Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 19 (6855) 15 май 2023 с. Итни Шаввал 1444 с. Багьа - эркенаб



ЩИВГО КIОЧОН ГЬЕЧIО, ЩИБГО КIОЧОН ГЬЕЧIО

# Гъалип Гъалипов: «Нилъер улка жакъаги фашизмалда данде къеркьолеб буго»

### КIудияб Бергьенлъиялъ 78 сон тIубай кIодо гьабуна Бакълъул мухъалда

**КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 78 сон иналъул хIурматалда тарихиялгун маданиял, спортивиял ва цогидал тадбирал тIоритIана Бакълъулазул мухъалда. Байрам байбихьана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул памятникалда цебе тIугьдузул горал лъеялдалъун.**

Гьенир гIахьаллъана бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалипов, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутатал ХIажимурад МухIамадов, ГIабдулвахIид Лабазанов, районалъул депутатазул Собраниялъул спикер Мухтар АхIмадов, СВОялдаса тIадвуссинчIев Шамил ХIажимурадовасул эмен УхIума ХIажимурадов, захIматалъул ветеран Сайгидин УхIумасултанов, Бакълъул мухъалда бугеб Россиялъул ОМВДялъул нухмалъулев полициялъул полковник МухIамад МухIамадов, сахаватчи МухIудин МухIудинов, кьурдулаб «ВатIан» къокъаялъул нухмалъулев ГIали МухIамадгIалиев ва цогидал.

ТIугьдузул горал лъун хадуб МелъелтIа росдал аслияб школалъул цIалдохъабаз кучIдул цIалана. ОМВДялъул хIалтIухъабаз КIудияб Бергьенлъиялъул хIурматалда салют гIуцIана. ЗахIматалъул ветеран Сайгидин УхIумасултановас ВатIан цIунаразул рухIалъе дугIа гьабуна.

Гьединго бакълъулазул ракьалда КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 78 сон иналда хурхун митингги тIобитIана. Тадбир байбихьана Дагъистаналъул маданияталъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировасул «Гьезул махщел – ВатIан цIуни» абураб документалияб фильм бихьизабиялдасан.

Митингалда кIалъазе рахъана Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалипов, ДРялъул НСялъул депутатал ХIажимурад МухIамадов ва ГIабдулвахIид Лабазанов, Бакълъул мухъалда бугеб «ИВА» жамгIияб идараялъул нухмалъулев ГIумарасхIаб Булатханов, ЦРБялъул тохтур Марям Жанахъаева, женсоветалъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаева, ветераназул гIуцIабазул вакилзаби ва цогидал.

«78 сон ана Рейхстагалда тIад багIараб байрахъ парпазабуралдаса. Советиял аскараз щущахъ рихизаруна нилъер улкаялде тIаде кIанцIарал фашистал. 20 миллионалдасаги цIикIкIун чияс рухI кьуна ВатIан, инсаниялъул букIинесеб цIуниялъе гIоло.

1380 бакълъулас гIахьаллъи гьабуна КIудияб ВатIанияб рагъда, гьезда гьоркьоса 866-яв рагъулаб байданазда хIутIана. Фронталъе кумек гьабуна тылалъги. Дагъистаналъул гIадамазул сурсатазде гIуцIана «Шамил» абураб танковияб колонна. Фашизмалъул кIкIуй дунялялда тIибитIизе течIел бахIарзал нилъеда кIоченаро.

Нилъер улка жакъаги фашизмалда данде къеркьолеб буго. Украинаялда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIаз, КIудияб ВатIанияб рагъул заманалдаго гIадин, рухIалда барахщичIого, бихьизабулеб буго бахIарчилъи. Бакълъулазул васаз бихьизабулеб буго ВатIан цIунизе бугеб гъира, муниципалитеталъул гIадамаз 20 тоннаялдасаги цIикIкIун гуманитарияб къайи битIана фронталде.



ВатIаналъул тIалабал бихьинчиго цIунаразул хIажатал бищун цере тIуразе руго районалъул администрациялъ. Гьабулеб буго ва нахъеги гьабизе буго СВОялъул хъизаназе кумек. Гьанжесел фашистазде данде къеркьолел кидаго хIурматалда рукIине руго», - ян абуна Гъалип Гъалиповас. Ракьцоязда КIудияб Бергьенлъиялъул байрам баркана жакъа фашизмалда дандечIеялъул мисал бихьизабула ругел бакълъулазул бахIарзазги.

Администрациялъул активияб залалда художествияб программаги гIуцIун букIана. Байрамалда гIахьаллъаразе лъикIаб асар гьабуна МелъелтIа росдал «Бакъ» ясли-ахалъул лъималазул, «ГьитIинал магIарулал» кьурдулаб къокъаялъул ва цогидал артистазул церерахъиназ.

КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 78 сон тIубай кIодоги гьабун, районлда гьединго тIоритIана «Бергьенлъиялъул Байрахъ», «Бергьенлъиялъул гордал», «Георгийил чIоло», «Солдатасул карщ», абурал ва цогидал ВатIан бокьиялъул тадбирал. Бакълъул районалъул киналго росабазул жигараб гIахьаллъигун тIоритIана гьел акциял.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Бакълъулазул лъайкьеялъул вакилзабаз республикаялъулал конкурсазда лъикIал хIасилал рихьизаруна**

- 2 гьум.



**СВОялъул гIахьалчагIазул гIагарлъиялъухъе щвана ХIажимурад МухIамадов**

- 2 гьум.



**Щабдухъа МухIамад Мурадовасул чIел**

- 2- гьум.



**ТIад Инхоса МухIамадтIаминиде**

- 3-4 гьум.

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# КIудияб Бергьенлъиялъул хIурматалда – волейболалъул турнир

### Аслудин МухIамадов ракIалде щвезавуна

**КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 78 сон иналда хурхун Бакълъул районалъул физкультуриябгун сахлъи цIуниялъул коплексалда тIобитIана цеветIурав пачалихъияв хIаракатчи Аслудин МухIамадов ракIалдещвеялъул волейболалъул турнир. Берцинаб, махщел тIокIаб хIаялъул хIасилалда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Игьали росдал команда, кIиабилеб бакI щвана МелъелтIа росдал командаялъе, лъабабилеб – эргъвендерил командаялъе.**




Финалиял хIаязухъ балагьана бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалипов, гьесул заместителал ГIалихан ДавудхIажиев, МухтарахIмад АхIмадов, ДРялъул НСялъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул Комитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIабдулвахIид Лабазанов, сахаватчагIи МухIудин МухIудинов, МухIамад Загьидов ва цогидал.



Бергьарал ва къиматал бакIал ккурал командаби кубокалдалъун, грамотабаздалъун ва гIарцулал сайгъатаздалъун кIодо гьаруна. ТIоцебесеб бакI ккураб командаялъе кубок ва 40 000 гъурущ кьуна, кIиабилеб бакI босараб командаялъе – 30 000 гъурущ, лъабабилеб бакI ккуралъе – 20 000 гъурущ.

Гьединго, командабазе ва хIалезе сахаватчагIазги сайгъатал кьуна. Чемпионлъун бахъараб команда сайгъаталдалъун кIодо гьабуна Игьали росдал гьоркьохъеб школалъул директор СагIид МухIамадовасги.

Спортивияб тадбир гIуцIиялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна Бакълъул районалъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул комитеталъул хIалтIухъабаз.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ – ХАЗИНА

# Бакълъулазул лъайкьеялъул вакилзабаз республикаялъулал конкурсазда лъикIал хIасилал рихьизаруна

### Муртаза Эфендиев призерлъун вахъана

**Бакълъул районалъул ЛъаратIа росдал гьоркьохъеб школалъул директор Шамил ХIусейнов бергьана республикаялъулаб лъайкьеялъул рахъалъ бищун лъикIал управленческиял кадрал абураб конкурсалда. ДРялъул лъайкьеялъул Министерствоялда конкурсалда бергьарав Шамил ХIусейновасулгун дандчIвай тIобитIана. Бергьенлъи босаразул сертификат гьесие кьуна ДРялъул Минобрнаукаялъул нухмалъулев ЯхIя Бучаевас.**



Гьединго Бакълъул районалъул Игьали росдал гьоркьохъеб школалъул гIурус мацIалъул ва адабияталъул мугIалим Муртаза Эфендиев раб III даражаялъул диплом кьуна гьесие. Республикаялъулаб методикиял хIалтIабазул «Бергьаразул нухдасан» абураб конкурс гIуцIун букIана КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралдаса 78 сон иналъул хIурматалда.

Муртаза Эфендиев ккола хIалбихьи бугев тIадегIанаб даражаялъул мугIалим. Щвана гьесие «Россиялъул гIаммаб лъайкьеялъул хIурматияв хIалтIухъан» абураб цIар, лъайкьеялъул рахъалъ президентасул грант щвеялъул конкурсалдаги бергьана.

Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас Муртаза Эфендиевасда ва Шамил ХIусейновасда баркана конкурсазулъ бергьин ва къима-



республикаялъулаб «Бергьенлъиялъул нухдасан» абураб методикияб хIалтIабазул конкурсалъул призерлъун вахъана.

Дагъистаналъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул министр ЯхIя Бучаевас гъулбас гьабутаб бакI кквей. Гьарана гьезие щулияб сахлъигун халатаб гIумру, нахъеккунги хIалтIулъ ва гIумрудулъ цебетIей.

**«Гумбет» РИО**

КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ – 78 СОН

# СВОялъул гIахьалчагIазул гIагарлъиялъухъе щвана ХIажимурад МухIамадов

### КIудияб Бергьенлъи гIагар гьабуразул хъизаназухъе щвана бакълъулазул тIалъи

**Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул Бакълъул районалъул рахъалдасан депутат ХIажимурад МухIамадов гьоболлъухъ щвана Украинаялда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялдаса тIадруссинчIел Шамил Насрулаевасул ва Шамил ХIажимурадовасул хъизабахъе.**



Рагъухъабазул гIагабожаразда депутатас баркана КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралдаса 78 сон ин ва баян гьабуна пачалихъалъ ВатIан цIунаразул хъизанал рехун тезе гьечIеблъи.

« «Ястреб – Каспий» СОБРалъул майор Шамил Насрулаев вукIана унго-унгояв офицер. Дида ккола гIолилаз мисал босилин гьесул бахIарчилъиялдаса. Эбел-инсуе, гIага-божаразе ракI-ракIалъулаб баркала буго халкъияв бахIарчи гIезавуралъухъ. ВатIаналъул тIалабал тIуралаго рухI кьурал, даим рекIелъ хутIила», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Гьединго 9-абилеб Маялъ ДРялъул НСялъул депутат щвана Бихьинчилъиялъул орденалъе мустахIикълъарав кIудияв лейтенант Шамил ХIажимурадовасул эмен УхIума ХIажимурадовасухъе. ЦIех-рех гьабуна тIуразе хIажатал суалал ругодаян ва абуна щиб хIажат бугониги, пачалихъалъ бажарараб кумек гьабизе букIин.

ХIажимурад МухIамадовас СВОялъул бахIарзазул хъизабазе кванил нигIматал ва цогидал сайгъаталги кьуна. Депутатасда цадахъ гьединго рукIана районалъул росдал магIишаталъул ва экономикаялъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимов, гьеб идараялъул бетIерав специалист МухIамад ГIалиев, МелъелтIа росдал бегавуласул заместитель Сакинат УхIумасултанова ва цогидал.

КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул чIужабахъе ва захIматалъул ветеранасухъе щвана Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалипов ва районалъул хIаракатчагIи. Гьедин, муниципалитеталъул тIалъиялъ кIодо гьаруна ЧIиркъатIаса 86 сон барай Загьи Шагьрудинова ва Игьалиса 88 сон барай Сайгибат МухIамадова. Гьединго районалъул бетIер щвана МелъелтIаса захIматалъул ветеран Сайгидин УхIумасултановасухъе.

**(Ахир-лъабабилеб гьум.)**

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ

# Щабдухъа МухIамад Мурадовасул чIел

**Бакълъул районалъул Щабдухъ росулъа МухIамад Мурадов Дагъистаналъул ДРялъул нухмалъулесул Кубокалъе гIоло гIуцIараб армиялъулаб рукопашнияб къецалда бергьана. Чемпионат гIуцIун букIана 2002-абилеб соналъ Каспийск шагьаралда террористическияб акталъул хIасилалда хварал ракIалде щвезелъун. МухIамад цеве вахъана 75 кг цIайиялда.**

Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас Мурадовасда баркана чемпионлъун вахъин, гьарана нахъеккунги спорталъулъ чIахIиял бергьенлъаби. Гьединго муниципалитеталъул бетIер щвана гьес тренировкаби гьарулеб ГIабдулманап НурмухIамадовасул цIаралда бугеб спортивияб школалдеги.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

# СВОялъул гIахьалчагIазул гIагарлъиялъухъе щвана ХIажимурад МухIамадов

**(Байбихьи-кIиабилеб гьум.)**

«РакI-ракIалъулаб баркала буго районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасе ва цоги-дазе ниж кIодо гьаруралъухъ. Аллагьас щулияб сахлъи кьеги нахъеккунги Бакълъул район цебетIезабизе. Нилъер васалги



хасаб рагъулаб операциялдаса бергьенлъигун тIадруссаги»,- ян абуна Загьи Шагьрудиновалъ.

Муниципалитеталъул бетIерасул заместитель ГIалихан ДавудхIажиев щвана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи Имамирза МухIамадовасул хъизан СахIиб Исламовалъухъе. Районалъул бетIерасул ва тIолго бакълъулазул рахъалдасан баркана гьелда байрам ва гьарана халатаб гIумругун щулияб сахлъи. ДавудхIажиевас гIарцулаб кумекги гьабуна ветеранасул хъизаналъе.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

# ТIад Инхоса МухIамадтIаминиде

Меседил цIвабзазулъ цIарал ругезулъ
ЦIар, МухIамадтIамин, дуцаги хъвана.
Гьал нилъер мугIрузда медаль баразулъ
БахIарчияб тарих дуцаги тана.
ВатIан цIунизеян цIадулъе араб,
Гвангъараб цIваялъул цIар зодоб уна.
Кавказго чIухIарал гIолохъабаца
ЧIвараб байрахъалъул къимат хвеларо.
ГIалихIажиясул наслудал лъимер,
Дур къадру букIина къватIал цIун Инхоб.
БахIарчиясдайин ругънал рукIунел,
Дур бахIарлъиялда буго ракI бухIун.
Боснор регаразда гулла щолареб,
Щвараб ругъуналъул рогьо гьечIеб дур.
Кьибилалъул чIухIи, цохIо вугев вас,
Мун бодул цевехъан цебесеб кьерда.
ВахчичIого ана ахираталде,
Илхъадулъ бергьараб бартичу гIадин.
Киналго гIолилал дир Гумбеталъул,
ГIумру халатаб кьун, рижун ратаял,
Аллагь разияб нух тIаса бищаял,
ТIадруссунеб нухда талихI батаял,
МухIамадтIаминил лебалльи щваял,
Иман щулалъаял, яхI чармиллъаял.
Дагъистан къулизе, улка чIунтизе,
Жидеца теларин рагъулъе арал.
Ручка кодоб кквезе шагIирги гуро,
Шагьидасул гIамал рехсолей йиго.
Бищун завалалда тIогьолаб гIужалъ,
ТIерхьараб цIваялъухъ гIодулей йиго.
КIудияв инсул цIар цIвабзазулъ хъварав,
МухIамадтIамин, мун бахIарчи нижер.
Мун эмен ХIамзатил мугъ чIвалеб кьуру,
Эбел ПатIиматил беразул канлъи,
Мун хIилла-рекIкI гьечIев, божи щулияв,
Калам къанагIатав, гIадамалъ льикIав.
Вихьизе кьуравгIан сипат берцинав,
Сас тун кинха чIелеб дур кьибил-тухум.
МугIрул цIум гIадинав, адал хазина
Дур ракI къвакIиялъул къватIал цIун руго,
Къисмат бигъунккарав, беразул канлъи
Баба угьдаразулъ батана къадар.
ГIалимал-устарал жанир рахъарал,
ТIад Инхо росулъа боржараб хьиргъу.
Мун рагъул гIахьалчи, бодул цевехъан,
Грузиялда рагъ гIун букIинчIебищ?
Жеги гIолилазде ахIи балелде,
Украинаялде щай гIедегIарав?
Дацил къвакIи щвараб къуватаб гъалбацI,
Къолден щай бахъараб, черх щай бахчичIеб?
Кьор гъун, тушманги тун, макьуйищ щвараб,
Щакъалазул тIелал тIадищ речIчIарал?
ЦIадулъ лъагIел бараб гьунар букIиндал,
Божун рукIана ниж тIадвуссиналда,
ГIизраил вихьулеб кьварараб рагъулъ,

**(Ахир -ункъабилеб гьум.)**

ТIИБ

# Хъалияналъ къокъ гьабула гIадамазул гIумру

**Киназдаго лъала хъалиян бухIиялда бараб буго хроническиял унтаби ракки, гIолохъанго хвей ва хехго херлъи. Гьелъул кIкIуялда бараб буго къаркъалаялъул унтабазда дандечIей загIиблъи ва гьабулеб даруялъул пайда хвей. ГIемерлъулеб буго хъалиян бухIулел умумузул лъимал загIипал, гIакълуялде щвечIел гьари. Эбелалъул ургьибго лъимер букIуна никотин гIемер щвараб.**

ГIемерисел хъалиян бухIулезда лъаларо гьеб жедер хъалияналъ аскIор ругезе гьабулеб зарал, лъалезги лъалареб хвел гьабула. Нилъеца бицине ккола кинал загьруял жал ругел хъалияналъул кIкIуялъулъ.

I) Синилияб кислота. ТIоцебесеб дунялалъул рагъда гьеб хIалтIизабуна тушманас загьру хIисабалда. Кислотаялъул 0,2 - 03 мг/л чи хвезавизе бегьула щуго-анцIго минуталдасан. Нагагь 0,7 – 0,9 концентрация гьаваялда бугони, гьелъ хвезе бегьула цо параялде.

Серо-водород 0,02 – 0,2 мг/л концентрациялда. Гьелъ зарал гьабула, гьуърузе, кванирукъалъе, бакьазе. ГIемер кIудияб гьечIеб концентрациялъ байбихьула бетIер унтизабизе, рухI дагьлъизабизе, цоцо мехалъ черх тIеркIезабула. БукIине бегьула ченхъе, ухIудеро, хIохьел къай. Сероводородалъ бижизе гьабула хиси квен бигьинабиялъул системаялда. ТIоцебе баккула хIацIу туй, лагIизе бачIин. Хадуб риххел, ЖКТялъул воспаление;

2) тамахьоялъул тIанхалъ букIуна никотин. Гьелъ цIикIкIун зарал гьабула ЦНСялъе. Никотин хехго цIула хIухьел цIалел органаз. Никотиналъул къуват хвезабула тIулалъул, ургьисазул;

3) аммиак. Гьеб хехго биуна гьуърулъ бугеб лъелъ, алвеолалъ, хадуб гьеб буссуна нашатырный спирталде, гьелъ бухIизе гьабула слизистая, хIохьел цIалел нухал.

Хъалиян бухIулезе гIоларо кислород. Гьелдалъул раккула захIматал унтаби. Хъалияналъ къокъ гьабула гIумру I0-I5 соналъ.

Бищун цIикIкIун зарал гьабула хъалияналъул кIкIуялъ гьуърузе, бронхазе, загIиплъула гьава цIай.

Байбихьула хвезе, гьорезе, кIал, мегIер-мукъулукъ цолъулеб бакI, мукъулукъ, рискIи (пищевод), кванирукъ, ракIел бидурихьазул хиса-баси ккола. Никотиналъ бидурихьал къварид гьарула.

Централияб и вегетативияб нервабазулаб системаялъул хIалтIул низам хисула. Нервабазул клеткаби гьорола, хIал хисун лъугьуна. Макъалаялда рехсечIебги гIемераб зарал гьабула хъалиян бухIиялъ гIадамазе. ЦIуне нужго ва сверухъ ругел гьелъул квешлъиялдаса!

**ГIайшат ГIадусова,
Бакълъул районалъул централияб больницаялъул тохтур**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов сельского поселения «Село Тлярата»

**РЕШЕНИЕ №2**

**от 22 марта 2023 г.** **с. Тлярата**

## «Об утверждении отчета об исполнении бюджета СП «Село Тлярата» за 2022 год

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Село Тлярата», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Село Тлярата» за 2022 год Собрание депутатов:

РЕШАЕТ:

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «село Тлярата» Гумбетовского района за 2022 год:

- по доходам в сумме 6803,9 тыс. рублей согласно приложении №1 к настоящему решению

- по расходам в сумме 6197,9 тысяча рублей согласно приложении №2 к настоящему решению. (источником финансирования дефицита бюджета 2022 года является остаток бюджетных средств 01.01.2022 г -41,0тыс.руб)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания
К. С. Алиев**

**Приложение №1
к решению Собрания депутатов сельского поселения
«Село Тлярата» от 22 марта 2023 г. №2**

**Доходы бюджета сельского поселения «Село Тлярата» за 2022 год**

(тыс. руб.)

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | План на 2022 год | Фактически исполнено за 2022год | % испол-нения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 25,0 | 67 | 268,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030101000110 | 12 | 10 | 83,3 |
| Единый сельхозналог | 18210503010011000110 | 5 | 9 | |
| Земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 48,0 | -18 | -37,5 |
| перечисления для осущ.возврата излишне уплачен.сумм налога | 00120805000100000150 | | | |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | 0 | 3 | #### |
| ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ | | 90 | 71 | 78,9 |
| БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | | 1626 | 1625 | 99,9 |
| Дотация сельскому поселению из ФФПП | 00120251001100000150 | 1626 | 1625 | 99,9 |

**(Продолжение - на 4 стр.)**

# ТIад Инхоса МухIамадтIаминиде

**(Байбихьи-лъабабилеб гьум.)**
Гьудуллъи кколарес рухIищ бахьараб?
МацI дур гуронани лъаларей кIодол
Беразул нурги ссун, тату хун буго.
МухIамадтIаминин гьелъул зигара
ТIолго авалалда рагIулеб буго.
Дуниял кIочараб ахиратги кьун,
Алжан насибалгун цадахъ вахьаяв,
ХIабиб вихьулезда хьолбохъеги ккун,
ХIалхьун алжаналда жанив ватаяв!

**Чамарса КаримухIамадова,**
**ТIад Инхо росу**


ОБЪЯВЛЕНИЕ

## Оплатите за потребленный газ!

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает, что потребителям, имеющим задолженность за потребленный газ, необходимо срочно погасить её!**

Неоплата или неполная оплата потребленного газа в течение двух месяцев является основанием для приостановления газоснабжения.

Не копите долги и совершайте все расчеты вовремя!

Согласно правил поставки газа абонент обязан вносить плату за газ до 10 числа месяца, следующего за истекшим.

Заплатить за газ не выходя из дома можно с помощью приложений «Газ Онлайн» и «Мой Газ», а также в «Личном кабинете абонента» на сайте www.mkala-mrg.ru.

Единый бесплатный номер «Контакт-центра» компании «Газпром межрегионгаз Махачкала» - 8-800-200-98-04, по которому можно узнать сумму вашей задолженности за газ, дату поверки счетчика и др.

**ТЫ ВОВРЕМЯ ПЛАТИШЬ ЗА ГАЗ?**





## В Гумбетовскую ЦРБ поступило бесплатное детское питание

**В ГБУ РД «Гумбетовская ЦРБ» поступило бесплатное детское питание на 2023 год.**

Для того, чтобы получить детское питание по постановлению Правительства РД от 05.03.2019 г. № 44, нужно иметь при себе: страховой медицинский полис ребенка, СНИЛС, свидетельство о рождении, справку с ГКУ РД «Управление социальной защиты населения», заявление родителей об обеспечении полноценным питанием, копия паспорта одного из родителей.

Перечень продуктов для детей с первых трех лет жизни: смеси «Нутрилак-1», «Мамеле-1» для детей от 0-6 месяцев, смеси «Нутрилак 2», «Малютка-2», фруктовые, овощные пюре, каши «Фруто-няня», молочные и безмолочные, фруктовые соки для детей от 6-12 месяцев, каши молочные и безмолочные для детей второго и третьего года жизни. Имеется ассортимент питания с лечебными целями (кисломолочные, гипоаллергенные, безлактозные, антирефлюксные).




**С уважением,**
**администрация**
**Гумбетовской ЦРБ**

(Начало - на 3 стр.)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Субсидии в.т числе | | 4989 | 4403 | 88,3 |
| Субсидии бюджетам поселений на строительство модернизацию, ремонт и содержани автомобильных дорог общего пользования | 00120202041100000150 | 1939 | 1643 | 84,7 |
| Иные межбюджетные трансферты в т.ч. средства бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий | 00120204014100000150 | 484 | 277 | 57,2 |
| Прочая субсидия на строительство | 00120229999100000150 | 2566 | 2483 | 96,8 |
| Субвенции | | 98,90 | 98,9 | 100,0 |
| | в том числе | | | |
| Выполнение полномочии по первичному воинскому учету на территориях, где отсуствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120203015100000151 | 98,90 | 98,9 | 100,0 |
| ВСЕГО ДОХОДОВ | | 6803,9 | 6197,9 | 91,1 |

**Приложение №2**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения**
**«Село Тлярата» от 22 марта 2023 г. №2**

### Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Село Тлярата» за 2022 год

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджет. обязательств на 2022год | Кассовые выплаты за 2022 год | % выполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО** | | | | | **6803,9** | **6197,9** | **91,1** |
| **Общегосударственные вопросы** | **001** | **01** | **00** | | **4255,0** | **3956,0** | **93,0** |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов государственной власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 4255,0 | 3956,0 | 93,0 |
| Национальная оборона | 001 | 02 | 00 | | 98,9 | 98,9 | 100,0 |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 98,9 | 98,9 | 100,0 |
| **Национальная экономика** | **001** | **04** | **00** | | **1939,0** | **1643,0** | 84,7 |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 1939,0 | 1643,0 | 84,7 |
| **Жилищно-коммунальное хозяйство** | ***001*** | ***05*** | ***00*** | | **0,0** | **0,0** | **#ДЕЛ/0!** |
| Благоустройство | *001* | *05* | *03* | *9900040010* | | | #ДЕЛ/0! |
| **Культура и кинематография** | ***001*** | ***08*** | ***00*** | | **501,0** | **500,0** | **99,8** |
| *Културно -досуговый центр* | *001* | *08* | *01* | *9900080010* | 501,0 | 500,0 | 99,8 |
| **Социальная поллитика** | ***001*** | ***10*** | ***00*** | | **0,0** | **0,0** | #ДЕЛ/0! |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенсии) | *001* | *10* | *01* | *9900090010* | | | #ДЕЛ/0! |
| **Физкультура и спорт** | ***001*** | ***11*** | ***02*** | ***9900090100*** | **5,0** | **0,0** | **0,0** |
| **Молодежная политика** | 001 | 07 | 07 | 9900070050 | **5,0** | **0,0** | **0,0** |


БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекьон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144


Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.